



Pou Piblikasyon Imedya: 3/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MAJORITE KONSTRIKSYON FINI NAN NOUVO  
WOUT ETA 28N BRIDGE NAN LONG LAKE NAN KONTE HAMILTON**

***Sikilasyon sou yon nouvo trave mwens pase kat mwa apre lapli devastè ak  
inondasyon te gravman andomaje estrikti anvan an***

***Nouvo pon amelyore sekirite ak rezistans sou atè vwayaj kle pou Rejyon  
Adirondack la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta a te fini majorite konstriksyon sou yon nouvo pon ki konekte Wout Eta 28N sou Fishing Brook nan Vil Long Lake, Konte Hamilton; sa ki retabli totalman vwayaj sou yon wout vital Rejyon Adirondack la mwens pase kat mwa apre gwo lapli ak inondasyon te lakòz domaj katastwofik nan estrikti orijinal la. Wout Eta 28N se te youn nan anpil wout atravè New York ki te soufri gwo domaj akòz move tan ki te afekte eta a nan mwa jiyè a.

"Tanpèt istorik ki te afekte anpil pati nan eta an jiyè te lakòz gwo domaj nan kèk nan wout ak pon ki pi enpòtan nou yo, men jan nou te wè plizyè fwa gen pa gen moun ki pi bon pou reponn ak advèsite pase Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finisman nouvo pon sa a nan Long Lake montre slogan Build-it-Back-Better (Rebati li Pibyen) nou an epi mwen bat bravo pou tout travayè eta yo ak kontraktè ki te travay san pran souf pou fè li byen vit epi konsève wout vwayaj enpòtan sa a atravè North Country."

Soti 10 rive 11 jiyè, gen kèk pati nan North Country ki te resevwa plizyè pous lapli nan yon peryòd tan ki kout, ki te lakòz inondasyon devastatè, wout fèmen ak enfrastrikti ki andomaje. Pandan ke Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) – ap travay avèk ekip ak kontraktè minisipal konte yo ak lokal yo – li te reyisi re-ouvri pifò wout nan espas 24 èdtan apre tanpèt la, pon Fishing Brook la te andomaje yon fason ki pa ka repara. Yo te bati yon pon tanporè nan twa semèn, sa ki anile nesosite pou yon deviyasyon 129 km kòm NYSDOT te kòmanse travay pou akselere konsepsyon ak konstriksyon yon ranplasman pèmanan.

NYSDOT akselere konsepsyon ak konstriksyon nouvo pon an, ki se 30 pye pi long pase trave anvan an epi ki gen yon ouvèti ki pi laj pou pèmèt pi bon sikilasyon dlo ak

amelyore rezistans kont inondasyon. Akotman ki pi laj yo pral amelyore sekirite otomobilis yo, pyeton yo ak siklis yo nan koridò kle vwayaj sa a ki sèvi anpil nan destinasyon touristik ak lwazi reyon an.

Pou rasyonnalize konstriksyon an, NYSDOT te itilize pout an asye ki te deja nan envantè li. Yo te mete ak fèmè andedan estrikti an beton, sa ki anile nesese pou jwenti ak amelyore rezistans li fas ak kowozyon sèl. Nouvo pon an sipòte tou pa estrikti, ki ogmante rezistans li kont move tan. Malgre ke majorite konstriksyon an fini, travay finisman – ki gen ladan dekonstriksyon pon tanporè a – pral fèt sou sit la pandan kèk semèn k ap vini yo epi yo ka mande pou fèmè liy peryodik.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Travay etonan enjenyè NYSDOT yo, ekip antretyen otowout yo ak kontraktè yo fè montre devouman ajans sa a genyen pou kominote Eta New York yo. Domaj nan Long Lake te devaste epi nou te bezwen yon solisyon ki ta ka jere nan yon sezon konstriksyon. Nou te abòde reparasyon wout ak ponso yo ak ranplasman Fishing Brook Bridge la nan yon tan rekò, pou asire wout ke yo kapab travèse anvan premye chit nèj yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)